
KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

B3

Aya Wawayangan di Kebon Aki

Wayang Daun Singkong di Kebun Kakek




Penulis : Eka Eliastri
Ilustrator : Jafar Sidiq

KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

Aya Wawayangan di Kebon Aki

Wayang Daun Singkong di Kebun Kakek



Penulis : Eka Eliastri
Ilustrator : Jafar Sidiq

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintahan dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini disusun dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.

Aya Wawayangan di Kebon Aki
Wayang Daun Singkong di Kebun Kakek

Penanggung jawab : Herawati
Penulis : Wulan Ratnaningrum
Penerjemah : Rineka Rosinansis
Ilustrator : AMECO Studio
Penelaah : Halimah
Penyunting : Taufiq Awaludin
Penata letak : Nurul Abidah

Penerbit
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
Jalan Sumbawa Nomor 11, Bandung 40113
Pos-el: balaibahasa.jabar@kemendikdasmen.go.id
Laman: www.balaibahasajabar.kemendikdasmen.go.id
Instagram: @balaibahasajabar
Facebook: Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
YouTube: Balai Bahasa Jawa Barat
Telepon: (022) 4205468

Cetakan kedua, 2025
ISBN 978-623-118-705-5

Isi buku ini menggunakan huruf Comic Sans 14pt, Vincent Connare.
V, 44 hlm: 21 x 29,7 cm.

Pesan Bu Hera

Hai, anak-anakku sayang. Salam literasi!

Buku-buku hebat ini dipersembahkan untuk kalian. Kalian dapat menyimak atau membaca cerita-cerita yang menarik di dalamnya. Buku ini dipersembahkan dalam dua bahasa, yaitu bahasa daerah dan bahasa Indonesia. Buku dwibahasa ini mengajak kalian untuk mengenal bahasa dan budaya daerah di Jawa Barat.
Ilustrasi yang memukau juga akan membantu kalian memahami jalan cerita. Semoga kalian menyukai buku-buku ini dan makin gemar membaca.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat,


Dr. Herawati, S.S., M.A
19771012200112200 5

Selain menyajikan cerita bermuatan lokal yang menarik untuk pembaca sasaran jenjang B2 dan B3, buku ini juga mengajarkan anak-anak untuk tetap mencintai bahasa daerah. Semoga Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat semakin banyak menerbitkan buku-buku seperti ini.

(Benny Rhamdani, penulis dan pemerhati buku anak)

Nepi ka imah Aki pukul salapan isuk-isuk.
Aki jeung Nini mapagkeun Ara di golodog imah.

Tiba di rumah Kakek pukul Sembilan pagi.
Kakek dan Nenek menyambut Ara di teras rumah.







Capé teu Ara di jalan?" ceuk Aki ka Ara.
"Muhun capé, Ki," témbal Ara.
"Ara seneng ranginang teu?" ceuk Nini.
Ranginang dibikeun ku Nini ka Ara.
Ara narima ranginang, tuluy dihuapkeun.



**"Bagaimana perjalannya, Ara, melelahkan?"
tanya kakek kepada Ara.
"Iya Kek, capek sekali," timpal Ara.
"Ara suka makan rengginang?" Nenek bertanya.
Nenek memberikan rengginang pada Ara.
Ara memakan rengginang dari Nenek.**

Saenggeus reureuh, Aki ngajak Ara ulin ka kebon sampeu.
Aki ngajak Idan, budak tatangga Aki. Idan digeroan ku Aki.
Idan daékkeun. Ara jeung Idan langsung wanoh.

Setelah beristirahat, Kakek mengajak Ara bermain ke kebun singkong. Kakek mengajak Idan, anak tetangga kakek. Idan dipanggil Kakek Idan pun mau diajak Kakek ke kebun singkong. Ara dan Idan langsung akrab.







Aki, Ara, jeung Idan indit ka kebon sampeu. Inditna henteu beurang teuing. Maranéhna leumpang mapay jalan di kebon. Di sisi kénca katuhu jalan loba tatangkalan. Aya tangkal jambu médé, tangkal peuteuy, jeung réa deui.

Kakek, Ara, dan Idan berangkat ke kebun singkong. Mereka berangkat tidak terlalu siang. Mereka berjalan menyusuri jalan kebun. Di kiri-kanan jalan banyak pepohonan. Ada pohon jambu mete, petai, dan lain-lain.

Teu lila maranéhna geus nepi ka kebon Aki.
Di kebon Aki loba tangkal sampeu.
Aya hiji tangkal rambutan.
Aya ogé tangkal jambu médé.
Aki ngabedega rék ngarabut tangkal sampeu.

Tak lama mereka sampai di kebun Kakek.
Di kebun Kakek banyak pohon singkong.
Ada satu pohon rambutan.
Ada juga pohon jambu mete.
Kakek bersiap akan mencabut pohon singkong.





Aki ngarabut tangkal sampeu.
Katingalina gampangeun pisan.
Aya tilu tangkal sampeu nu dirabut ku Aki.
Sampeuna baradag.
"Horéééé ...!" Ara jeung Idan surak

Kakek mencabut pohon singkong.
Terlihat sangat mudah.
Ada tiga pohon singkong yang dicabut Kakek.
Singkongnya besar-besar.
"Hore!" Ara dan Idan bersorak.

Aki tuluy nigas sampeuna. Misahkeun sampeu tina tangkalna. "Ki, Idan hoyong ngadamel wawayangan, nya," ceuk Idan. "Sok petikan heula gagang daun sampeuna!" ceuk Aki. "Hayu, Ra!" ceuk Idan ka Ara. Idan langsung nyokot tangkal sampeu hiji, Ara gé nurutan. Tuluy gagang daun sampeu dipites-piteskeun tina tangkal sampeu.

Kakek memotong singkong. Memisahkan singkong dari pohonnya. "Kek, Idan mau membuat wayang-wayangan, ya?" ujar Idan. "Petik dahulu tangkai daun singkongnya!" jawab Kakek. "Ayo, Ra!" Idan mengajak Ara. Idan langsung mengambil satu pohon singkong, Ara pun meniru yang dilakukan Idan. Tangkai daun singkong dipetik dari pohon singkong.





"Poé heula ambéh leumpeuh," ceuk Aki.
Idan tuluy moé gagang daun sampeu.
Kabéhanana dijéjérkeun sangkan kapanasan.
Ara sarua nurutan Idan.
"Jemur dulu biar layu," kata Kakek.

Idan kemudian menjemur tangkai daun singkong.
Semuanya ditata berjejer agar terkena panas
Ara meniru yang dilakukan Idan.



Aki geus bérés ngagundukkeun sampeu.
“Hayu, ayeuna nyieun wawayangan!” ajak Aki.
“Asiiikkk ....” Ara jeung Idan sarumanget.
“Nyieunna di saung Aki, bari meuleum sampeu!” Ara jeung Idan ngéntépan gagang daun sampeu. Aki ngajingjing sampeu. Maranéhanana ngajugjug saung Aki.

Kakek sudah selesai mengumpulkan singkong. “Ayo, sekarang kita buat wayang-wayangan!” ajak Kakek. “Asyik...” Ara dan Idan semangat. “Kita membuatnya di saung Kakek, sembil memanggang singkong!” Ara dan Idan membereskan tangkai daun singkong. Kakek menjinjing singkong. Mereka menuju saung Kakek.



"Tah gagangna geus leumpeuh," ceuk Aki.
"Geus bisa dijieun wawayangan."

"Nah, tangkainya sudah layu." ujar Kakek.
"Sudah bisa dibuat wayang daun singkong."



Ayeuna Aki rék nyieun wawayangan.Mimitina nyieun awak sakaligus sirahna.Aki nyokot gagang daun sampeu nu panjang jeung geus kolot. Tuluy ditilepkeun.

Sekarang Kakek akan membuat wayang daun singkong. Pertama buat dahulu tubuh dan kepalanya. Kakek mengambil setangkai daun singkong yang panjang dan sudah terlihat tua. Lalu dilipat.



Cokot deui gagang nu séjén. Beulitkeun kana awak nu tadi dijieun. Bagéan puhu gagang diteundeun sajajar jeung puhu awakna. Tikelkeun daun sampeu nu kadua ka tukang arah luhur. Balikkeun deui ka handap. Daun sampeu bakal ngumpul di handap.


Ambil lagi tangkai yang lain. Simpulkan ke tubuh wayang yang tadi sudah dibuat.Bagian atas tangkai diletakkan sejajar dengan bagian atas tubuhnya. Tekuk daun singkong yang kedua ke belakang arah atas.Kembalikan lagi ke arah bawah.Daun singkong akan terkumpul di bawah.





Aki nuluykeun nyieun wawayangan.
Tuluy nikel-nikel gagang kawas tadi.
Aya genep gagangna nu ditikelkeun téh.

Kakek melanjutkan membuat wayang daun singkong.
Kemudian menekuk tangkai seperti tadi.
Ada enam tangkai yang ditekuk.





Idan jeung Ara nyokot gagang daun sampeu. Maranéhna rék nurutan. Tapi teu barisaeun. "Ki, geuning sesah," ceuk Idan. "Ara gé teu tiasa, Ki," ceuk Ara. Aki seuri. "Ké ku Aki diajarkeun," ceuk Aki.

Idan dan Ara mengambil tangkai daun singkong. Mereka ingin mencoba membuatnya, tetapi ternyata tidak bisa. "Kek, ternyata susah," ucap Idan. "Ara juga tidak bisa, Kek," ujar Ara. Kakek tersenyum. "Nanti Kakek ajarkan cara membuatnya," jawab Kakek

Ayeuna nyieun leungeunna. Cokot dua gagang daun sampeu. Daunna teukteuk sésakeun saeutik bagéan congona.

Sekarang buat tangannya. Ambil dua tangkai daun singkong.Daunnya potong, sisakan sedikit bagian ujungnya.





Selapkeun tungtung gagang kana awakna. Ngarah bisa nyapit jeung teu gampang lésot tina awakna. Eta gagang téh bakal dijadikeun leungeunna.

Selipkan ujung tangkai ke tubuh wayang. Supaya menjepit dan tidak mudah lepas dari tubuh wayang. Tangkai itu yang akan menjadi tangan wayang.

Bagi jadi tilu bagéan sésa gagang nu ka handap. Tuluy dianyam kawas nguntun buuk. Dianyamna teu kudu loba teuing. Ieu anyaman téh minangka awakna. Bakal nyapit jeung mageuhan leungeunna nu tadi dipasang.

Sisa tangkai yang ke bawahdibagi menjadi tiga bagian. Kemudian anyam seperti mengepang rambut. Anyamannya jangan terlalu banyak. Anyaman ini merupakan tubuh wayang. Menjepit dan mengencangkan tangan yang tadi dipasang.





Cokot hiji deui gagang daun sampeu. Piceun daunna. Beulitkeun kana wates antara daun jeung gagang dina awakna. Ieu téh pikeun mageuhan sakabéh gagang daun sampeu. Tuluy rapihkeun daun nu ngarumbay minangka babajuanana.



Ambil lagi satu tangkai daun singkong. Buang daunnya. Simpulkan pada batas antara daun dan tangkai tubuhnya. Ini bertujuan untuk mengencangkan tangkai daun singkong. Kemudian rapikan daun yang menjuntai, ini kita anggap pakaian wayangnya.

Panungtung tilepkeun gagang nu ngacir.
Supaya kaciri kawas leungeun.

Terakhir lipat tangkai yang menjuntai.
Supaya terlihat seperti lengan.



"Tah geus jadi wawayanganana," ceuk Aki. "Wah, saé pisan, Ki," ceuk Ara surak. "Ayeuna Ara jeung Idan nyieun sorangan, dipapatahan ku Aki." Ara jeung Idan mimiti nyieun wawayangan.



"Nah sudah jadi wayang daun singkongnya," kata Kakek. "Wah, bagus sekali, Kek," ujar Ara bersorak gembira. "Sekarang Ara dan Idan bikin sendiri, diajari sama Kakek." Ara dan Idan mulai membuat wayang daun singkong.



Ayeuna geus aya tilu wawayangan. Meunang Ara, meunang Idan, jeung meunang Aki. Nu meunang Aki nu pangalusna.

Sekarang sudah ada tiga wayang daun singkong. Buatan Ara, Idan, dan Kakek. Buatan Kakek paling bagus.




"Tah ayeuna urang ngabubuy sampeu," ceuk Aki. "Nu kumaha, Ki?" ceuk Ara, can nyahoeun. "Éta, Ra, meuleum sampeu dina ruhak panas," témbalIdan. "Sok nyieun durukanana Idan jeung Ara," titah Aki. Ara nuturkeun Idan néangan pangpung nu gararing. Digundukkeunhareupeun saung.

"Nah, sekarangmari kita membembam singkong," ujar Kakek. "Seperti apa, Kek?" tanya Ara, belum tahu. "Itu, Ra, memeram singkong di dalam bara atau abu pembakaran yang panas," jawab Idan. "Coba Ira dan Ara buat dulu perapiannya," pinta Kakek.Ara mengikuti Idan mengumpulkan dahan-dahan kering. Kemudian Ditumpuk di depan saung

Aki nyekéskeun korék api.
Tuluy diseungeut kana dau garing.
Mimiti seuneu téh leutik hurungna.Lila-lila ngagedéan.Seuneu meuleum pangpung nu meunang ngagundukkeun.Ara jeung Idan seuri aratoh.

Kakek menyalakan korek api. Disulut pada dedaunan kering. Awalnya, api menyala kecil saja. Semakin lama semakin membesar. Api mulai membakar dahan-dahan kering yang sudah ditumpuk. Ara dan Idan tersenyum gembira.





"Sok tambahan deui suluhna," ceuk Aki. Ara jeung Idan néangan deui suluh keur durukan.



"Coba tambahkan lagi kayu bakarnya," ucap Kakek. Ara dan Idan kembali mencari kayu bakar untuk perapian.





"Geus aya ruhakna, ayeuna urang ngabubuy sampeu," ceuk Aki. "Sampeuna dikumahakeun, Ki?" ceuk Ara panasaran. "Dibebeskeun kana ruhak ulah kana seuneu," témbal Idan. "Enya kana ruhak, da can aya lebuan." Aki nerangkeun. Aki ngabebeskeun sampeu kana ruhak.

"Sudah ada bara apinya, sekarang kita membembam singkongnya," ujar kakek. "Ini bagaimana caranya, Kek?" ujar Ara penasaran. "Dimasukkan ke dalam bara, jangan ke apinya, ya," Jawab Idan. "Iya ke dalam bara karena belum ada abunya." Kakek menjelaskan. Kakek memasukkan singkong ke dalam bara api.

Idan ngabebeskeun sampeu kana ruhak. Ara sarua ngabebeskeun sampeuna.Ara mah rusuh, jadi sampeuna murag kana taneuh. Ara jeung Idan saleuseurian ningali sampeu ngagulutuk kana taneuh. Tuluy Ara nyobaan deui. Tungtungna manéhna gé bisaeun.




Idan memasukkan singkong ke dalam bara. Ara juga sama memasukkan singkongnya. Karena terburu-buru, singkong Ara pun jatuh ke tanah. Ara dan Idan tertawa melihat singkong yang menggelinding di atas tanah. Lalu Ara mencoba lagi. Akhirnya Ara bisa.




"Yeuh, geus asak sampeuna," Aki ngagorowok. "Mana nu kénging meuleum abdi, Ki?" ceuk Idan. "Nu Ara tos asak, Ki?" Ara gé néang sampeuna. Aki ngasongkeun sampeu nu Ara jeung nu Idan. Sampeuna geus arasak. Nu Aki ogé tilu siki geus arasak.

"Nih, singkongnya sudah matang," teriak Kakek. "Mana punya Idan, Kek?" ujar Idan. "Punya Ara sudah matang, Kek?" Ara coba mencari singkongnya. Kakek menyodorkan singkong Ara dan Idan. Singkong sudah matang semua.Tiga singkong punya Kakek pun sudah matang.



Pas adan lohor Aki, Ara, jeung Idan mulang. Aki ngajingjing sampeu atah jeung nu asak. Wawayanganana disakuan. Ara jeung Idan mawa sampeu asak jeung wawayangan. Poé ieu Ara ngarasa bungah. Manéhna bisa ulin di kebon Aki. Ara jadi boga wawayangan meunang nyieun sorangan.

Azan zuhur berkumandang, Kakek, Ara, dan Idan pulang. Kakek menjinjing singkong yang masih mentah juga yang sudah matang. Wayang daun singkong disimpan di sakunya. Ara dan Idan membawa singkong matang dan juga wayang daun singkong. Hari ini Ara merasa senang. Dia bisa bermain di kebun Kakek. Sekarang Ara jadi punya wayang daun singkong buatan sendiri.



Biodata Penulis



Wulan Ratnaningrum, dengan nama pena Dian Wulan, saat ini sedang produktif menulis cerita pendek serta cerita pendek untuk anak-anak. Pertama kali menulis dalam bahasa Sunda sejak bergabung dengan komunitas Panglawungan 13 yang diasuh Ibu Aam Amalia dari tahun 2013. Sejak saat itu Wulan telah menelurkan beberapa cerita pendek.

Cerita pendeknya dimuat di berbagai media cetak dan daring, di antaranya: Majalah Manglé, Sunda Midang, Tabloid Galura, Koran Tribun Jabar, dan HU Pikiran Rakyat, AyoBandung.com, Cacandran.com, dan majalahsora.com. Pada 2017, Wulan menerbitkan antologi cerpennya yang berjudul Kabaya Pulas Kasumba. Selain menulis cerpen berbahasa Sunda, Wulan juga menulis cerpen berbahasa Indonesia. Karyanya pernah mengisi beberapa buku antologi. Dalam bidang cerita anak, Wulan telah menerbitkan novelet anak berbahasa Indonesia berjudul Sarung Untuk Dion, terbit tahun 2023. Wulan sekarang bermukim di Bandung dan bisa dikontak melalui nomor ponsel/WA: 0853-2096-7176 dan pos-el: dian58wulan@gmail.com

Biodata Penerjemah



Rineka Rosinansis, lahir di Sukabumi pada 23 April 1997. Menyelesaikan pendidikan S1 di Universitas Muhammadiyah Sukabumi jurusan Pendidikan Matematika tahun 2019. Sekarang sedang menempuh gelar magister di Universitas Pendidikan Indonesia jurusan Pendidikan Matematika. Selain aktif di organisasi kepramukaan dan komunitas literasi aksara Sunda, Rineka juga saat ini sedang bertanggung jawab mengemban amanah menjadi Sekretaris Jendral Daya Mahasiswa Sunda tingkat Puseur periode 2022-2024.

Biodata Ilustrator



AMECO Studio, studio kreatif yang berfokus pada pengembangan jenama (brand) dan ilustrasi. Sejak 2015, kami sudah membantu klien lokal dan internasional menyampaikan pesan dan cerita melalui desain grafis dan ilustrasi. Klien kami di antaranya penerbit, korporasi, dan industri jasa lainnya.

PERJENJANGAN BUKU

BERDASARKAN PERATURAN KEPALA BSKAP
NOMOR 030/P/2022 TENTANG PEDOMAN PERJENJANGAN BUKU

PEMBACA DINI

Jenjang pembaca yang baru kali pertama mengenal buku yang memerlukan perancah untuk mendampingi anak membaca

A

PEMBACA AWAL

Jenjang pembaca yang memerlukan perancah dan mampu membaca teks berupa kata/frasa dengan kombinasi bunyi huruf, klausa, kalimat sederhana, dan paragraf sederhana

B1 B2 B3

PEMBACA SEMENJANA

Jenjang pembaca yang mampu membaca teks secara lancar berbentuk paragraf dalam satu wacana

C

PEMBACA MADYA

Jenjang pembaca yang mampu memahami beragam teks dengan tingkat kesulitan menengah

D

PEMBACA MAHIR


Jenjang pembaca yang mampu membaca secara analitis dan kritis berbagai sumber bacaan untuk menyintesis pemikiran secara lebih baik

E



CATATAN: RENTANG USIA MERUPAKAN KESETARAAN JENJANG, BUKAN MENJADI ACUAN UTAMA PERJENJANGAN BUKU. ACUAN UTAMA TETAP PADA KEMAMPUAN MEMBACA.

Ayo, Baca Buku di Penjaring!



Pindai untuk akses laman!




Halo,
Anak-Anak Indonesia!

Yuk, kunjungi kanal YouTube Penjaring Pusdaya untuk menikmati cerita anak dalam bentuk buku audio video yang dilengkapi dengan bahasa isyarat! Jangan lupa klik suka dan langganan, lalu bagikan ke teman-temanmu.

https://www.youtube.com/@penjaring



Libur telah tiba. Orang tua Ara mengajak Ara ke kampung halaman kakek dan neneknya di Cimuja. Cimuja berada di Kabupaten Sumedang, Jawa Barat. Di sana, Ara mempunyai teman baru yang bernama Idan. Kakek mengajak Ara dan Idan main ke kebun singkong miliknya. Tiga pohon singkong sudah dicabut Kakek. Gagang daun singkong tidak dibuang, tetapi dibuat wayang. Ara dan Idan pun diajari cara membuat wayang dari daun singkong.



KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025